

BASA RINENGGGA



❖ DASANAMA

➤ Tembung liya sing tegese padha. Tembung liya kang tegese padha racake luwih saka siji. Dasa tegese sepuluh, nama tegese jeneng. Ing basa Indonesia diarani sinonim.

➤ GLADEN

Golekana dasanamane tembung ing ngisor iki :

- 1) Matahari = *baskara, bagaskara, bagaspati, pratanggakara, radhite,*
- 2) Abang : abrit, ambranang, dhadhu, jingga, merah, rekta
- 3) Arjuna : Permadi, Parta, Dananjaya, Parantapa, Kaunteya, Palguna,
- 4) Gunung :
- 5) Angin :
- 6) Kembang :
- 7) Gathotkaca :

❖ TEMBUNG SAROJA

➤ tembung loro sing padha meh padha tegese dingo bebarengan

➤ Tuladha :

- ✚ Sepi mamring
- ✚ Gotong royong
- ✚ Padhang njingglang

➤ GLADEN

Bacutna ukara-ukara kang kadunungan tembung saroja ing nngisor iki!

- 1) Dheweke wis ora nate *nyapa* maneh karo tanggane.
- 2) Aku wis *blaka* marang awakmu, ora ana sing daktutup-tutupi maneh.
- 3) Mugi temanten kekalih sageda *atut* tansah reruntungan.
- 4) Kabeh warga padha teka ing pasar malem sanajan padha *jejel*
- 5) Bocah kok *polah* sarwa nengsemake.
- 6) Sing padha rukun karo *sanak* supaya bisa urip kanthi *ayem*
- 7) TemanteNe lanang katon *gagah*

❖ TEMBUNG ENTAR

➤ Tembung kang nduweni teges ora salugune

➤ Tuladha :

- ✚ Adus kringet : tegese nyambut gawe abot, nyambut gawe mepeng
- ✚ Idu geni : tegese kabeh guneme kudu bisa ditindakake utawa kudu bisa klakon
- ✚ Udan tangis : tegese akeh sing padha nangis

➤ **GLADEN**

Tegesana tembung entar ing ukara-ukara ngisor iki!

1. Waluyo saiki wis dadi bau tengene Pak Lurah.

Wangsulan :

2. Krungu tembungé Marno sing kaya mangkono, Darto dadi abang kupinge.

Wangsulan :

3. Warga Palu lagi udan tangis amarga akeh kang kelangan keluargane.

Wangsulan :

❖ **TEMBUNG YOGASWARA**

- Tembung Loro kang nduweni swara *a* lan *i* ing pungkasane wanda, nduweni teges lanang lan wadon.

- Tuladha :

✚ Dewa-dewi

✚ Mudha-mudhi

✚ Siswa-siswi

➤ **GLADEN**

Gawea ukara migunakake tembung-tembung yogaswara ing ngisor iki!

1. Dewa-dewi

Wangsulan :

2. Raseksa-raseksi

Wangsulan :

3. Bathara-bathari

Wangsulan :